

### **Avi Non-Responsablite Nan Tradiksyon:**

Lwa sou Rapò Kontribisyon ak Depans nan Kanpay New Jersey a, N.J.S.A. 19:44A-37, pèmèt kandida pou pòs Gouvènè yo fè yon deklarasyon, ki pa depase 500 mo, pou ede elektè Eta sa a fè pwòp chwa yo pam i kandida yo. Komisyon pou fè Aplike Lwa Elektoral New Jersey (ELEC), atravè yon kontraktè, ap bay deklarasyon tradui ki anba yo pou ede w li sit entènèt li yo nan lòt lang ki pa angle. Tout tradiksyon founi sèlman pou konvenyans epi li pa yon dokiman ofisyèl ELEC. Ni ELEC ni kontraktè li a pa fè okenn pwomès, asirans, oswa garanti sou presizyon tradiksyon oswa fyabilite yo, disponiblite yo, oswa kapasite yo pou satisfè bezwen espesifik ou yo ki gen rapò ak lang. Si ou apiye sou enfòmasyon tradui ki soti nan sit entènèt sa a, w ap fè li nan pwòp risk ou.

Pèsonèl, ajan, ak kontraktè ELEC yo pa responsab pou domaj oswa pèt kèlkeswa nati yo ki soti nan oswa nan koneksyon ak, itilizasyon ou fè nan deklarasyon tradui yo, ki enkli, men pa limite nan, domaj oswa pèt ki rive akòz konfyans ou nan presizyon yon tradiksyon, oswa domaj ki rive akoz gade, distribiye, oswa kopye yon tradiksyon.

**Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey 2025**  
(pou pa dwe depase 500 mo)

---

Jack Ciattarelli

Republiken

Non Kandida a:

Deziyasyon Bilten Vòt/Pati

Politik: New Jersey bezwen yon chanjman reyèl - epi Mwen se sèl kandida ki gen yon plan reyèl pou fè li.

Granparan imigran m yo te vin abite New Jersey 100 an de sa epi yo te reyalize - ansanm ak paran pa m yo - Rèv Ameriken an. Nan fè sa, travay di yo ak sakrifis yo te sèvi kòm egzanz pou mwen menm ak frè ak sè m yo epi yo te ban nou yon levasyon klas mwayèn solid.

Mwen fyè dèské m te ede fè menm jan pou kat ptit adilt mwen yo, yo tout ap pwopere nan karyè reysi pa yo - twa nan New Jersey ak youn k ap sèvi peyi nou an lòt bò dlo.

Malerezman,, opòtinite yo ke nou tout te genyen yo ap diparèt pou jenerasyon jodi' a ak nouvèl la.

New Jersey deplizanpli te vin pi pa abòdab mwens an sekirite, epi anba kontwòl politisyen ak moun ki gen enterè espesyal ki pa fè ka de sa ki enpòtan pou fanmi k ap travay yo, granmoun aje, jèn yo, ak antreprenè yo; ni yo pa fè ka de valè ak tradisyon ki enpòtan pou nou yo.

Apre 8 an Gouvènè Murphy ak 25 an kontwòl yon sèl pati Demokrat kontwole lejislati Eta a , Eta nou an an fayit. Advèsè mwen an - ki pa ni soti nan New Jersey ni pa konprann defi n ap konfwonte yo - pral kontinye ak politik rate sa yo ki pa reysi epi mennen nou nan yon move direksyon. Nou tou senpleman pa ka pèmèt 4 lane ankò nan menm kondisyon yo.

Se poutèt sa, ak sipò w epi antanke gouvènè w, m pral:

Redui epi limite taks sou pwopriyeteyo pou fanmi k ap travay yo ak jèn mon yo ka gen posiblite pou yo achte yon kay, pandan yo ap pwolonje jèl taks sou pwopriete pou granmoun aje yo.

Envesti nan gaz natirèl pwòp, nikleyè, ak solè, epi imedyatman diminye bòdwo elektrikmansyèl nou yo nan relouvri santral elektrik yo ke Gouvènè Murphy te fèmen, fini ak enèji van lanmè ak obligasyon pou machin elektrik yo, epi ekonomize plis pase \$300 milyon dola bay kontribyab yo nan retire New Jersey nan Inisyativ ReijonalsouGaz ki lakòz efè tèmik (RGGI). M ap fè netwayaj tou nan Konsèy Sèvis Piblik la nan mande demisyon tout manm li yo.

Redui nan yon mannyè responsable qwosè ak depans gouvènmanetatik la, agresivman itilize plim veto sou liy bidjè pou elimine epi anpeche gaspiyal

## Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey 2025

---

Jack Ciattarelli

Non Kandida a:


Redui Taks sou Antrepriz yo a youn pou san pa an pandan senk an, nan pran li soti nan to ki pi wo a nan peyi a pou rive nan yon to ki konpetitif nan tout peyi a; epi redui taks sou revni pou tout kontribyab yo, konsolide tranch taks yo, entèdi ogmantasyon taks sou travay renovasyon kay, epi fè taks sou prè etidyan dediktib.

Anfen,, epi sitou, pou fè New Jersey pi abòdab pou jèn yo,, M prall rann de premye ane yo nan mache travay la apre lekòl segondè ak kolèj san taks epi ranbouse diferans ant ekolaj nan Eta a ak ekolaj pou sa yo ki soti lòt Eta pou tout moun ki etidye isit epi ki abite epi ki travay nan Eta a pou yon minimòm twa zan apre gradyasyon.

Mwen ankouraje tout moun pou vizite sit entènèt mwen an nan www.Jack4NJ.com epi li plis enfòmasyon sou plan detaye mwen yo pou repare Eta nou tout renmen an. Se ta yon onè pou tout lavi pou m gouvènè nou, epi mwen espere jwenn sipò ak vòt nou.

5/9/2025

Dat:



Siyati Kandida:

**Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey 2025**  
(pa dwe depase 500 mo)

Mikie Sherrill

Non Kandida a:

Democrat

Deziyasyon Bilten Vòt/Pati Politik:

Mwen te prete premye sèman mwen sou Konstitisyon an lè m te gen 18 an epi m t ap antre nan Akademi Naval Ameriken. Mwen pase prèske 10 ane nan sèvis aktif kòm pilòt elikoptè ak ofisyè politik Ris, kote mwen te dirije ak anpil atant bò kote ekip mwen an ak pou tèt mwen. Mwen te antre nan Biwo Pwokirè Ameriken an nan New Jersey, kote mwen te mete kominate nou yo  
nan premye plan pou pwoteje sekirite publik la.

Mwen renmen New Jersey, epi mari m ansanm ak mwen n ap leve kat pitit adolesan nou yo isit. Mwen ta renmen fè Eta sa a pi bon pou moun viv, travay, epi leve yon fanmi. Men, pou twòp moun nan New Jersey, li twò difisil pou yo debouye yo. Pri yo kontinye ap monte, timoun nou yo ap lite, epi mank responsabilite nan Trenton anpeche eta nou an avanse. Epi kounye a, politik Prezidan Trump yo ap rann lavi a pi difisil epi atake dwa ak libète nou yo.

M ap poze kandidati m pou pòs gouvènè paske nou bezwen yon lòt kalite lidèchip. Mwen se yon Demokrat, men, mwen se yon moun New Jersey dabò. M ap kanpe kont nenpòt moun, kit se enterè espesyal yo nan pati m nan, pou m jwenn rezulta pou Eta nou an.

Nan Marin nan, nou te gen yon pwovèb ki di: Bato, Kamarad, Tèt ou. Misyon an pa t janm konsène yon sèl moun - ou toujou mete eskwadwon w lan anvan tèt ou. Nou dwe travay ansanm, epi mwen pare pou sèvi ou epi rann ou kont.

Mwen koute plizyè milye moun nan New Jersey rakonte m istwa yo, espwa yo, ak sa ki fè yo pa dòmi lannwit. Sa ki parèt byen klè se ke nou tout renmen Eta sa a. Mwen te ka kontinye pale sou vil bò lanmè moun yo pi renmen oswa restoran prefere yo. Lide pou pa kapab leve pitit ou yo oswa pran retrèt ou ak diyite nan Jersey tou senpleman pa akseptab. Epi mwen pa pral tolere sa.

Kidonk, men angajman mwen pran anvè nou menm antanke gouvènè nou. Mwen pral:

**- Redui depans yo, nan kòmanse ak bòdwo enèji w yo.** Nan premye jou a, m pral deklare yon Eta dijans sou pri sèvis itilitè yo, m sispann ogmantasyon tarif yo, epi louvri vann nouvo enfrastrikti enèjetik ak pwodiksyon elektrisite ki pi pwòp epi pi bon mache, paske plis rezèv vle di bòdwo ki pi ba. Epi m pral atake operatè rezo k ap fè pri yo monte a.

**- Pran swen timoun nou yo.** Paran yo konnen ke pitit nou yo ap lite. Se poutèt sa m pral ogmante resous swen sante fizik ak mantal nan lekòl nou yo, egzije sekirite sou entènèt pou timoun nou yo epi m rann Big Tech yo responsab, epi m ap envesti nan solisyon ki pwouve efikasite yo tankou lesyon patikilye ki gen gwo enpak nan alfabetizasyon ak matematik pou ede elèv yo retounen sou bon chemen an.

## Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey pou 2025

Mikie Sherrill

Non Kandida a:

- **Rann Trenton transparan epi responsab anvè popilasyon an.** M pral fè si ke rezidan New Jersey yo kapab wè egzakteman ki kote lajan taks yo ale, ansanm ak enpak pwogram sa yo. **M pral modènize tou gouvènman Eta a pou fè li mache pi byen pou rezidan yo ak biznis yo.** Epi m pral dirije sèvis kliyan ak responsabilite nan ajans etatik yo, sa ki pral pèmèt ou ekonomize tan ak lajan.

Li plan konplè mwen an pou avni New Jersey nan [www.mikiesherrill.com](http://www.mikiesherrill.com).

Mwen espere jwenn vòt ou. An nou mete men nan travay.

15 Out 2025

Dat:



Siyati Kandida a: